

Pou Piblikasyon Imedya: 30/05/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KONFIMASYON INANIM CAROLYN POKORNY -
ANSYEN PWOKIRÈ FEDERAL AK CHÈF KABINÈ ADJWEN PWOKIRÈ JENERAL
AMERIKEN AN LORETTA LYNCH - KÒM ENSPEKTRIS JENERAL MTA**

***Pokorny Gen Plizyè Dekad Eksperyans nan Travay nan Pi Gwo Nivo Gouvènman
yo Ki Gen Ladan Depatman Jistis Ameriken an***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a Sena Eta a te konfime yon fason inanim Carolyn Pokorny kòm nouvell Enspektris Jeneral MTA. Madam Pokorny se yon pwokirè federal de karyè ki te travay nan pi wo nivo Depatman Jistis Ameriken an (U.S. Justice Department), kote li te travay kòm Chèf Kabinè Adjwen Pwokirè Jeneral Ameriken an Loretta Lynch, ak Biwo Pwokirè Ameriken an (U.S. Attorney's Office) ki nan Brooklyn, epi li te pouswiv lajistis dosye koripsyon piblik wo pwofil yo pou derasinen tout modèl fwod yo.

"MTA finalman gen jesyon ak lajan ke li bezwen pou pèfòme, epi kounye a plis ke jamè Biwo Enspektè Jeneral MTA a (Office of the MTA Inspector General) pral santral nan asire ke ajans lan fonksyone ak efikasite epi ak efisyans", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Carolyn se yon pwokirè de karyè ki briyan epi ki devwe epi lidèchip li nan MTA a pral fè bon travay an silans pou kliyan li yo ansanm ak tout moun New York yo."

Carolyn Pokorny te kòmanse karyè li kòm yon pwokirè federal ki nan Biwo Pwokirè Ameriken nan Brooklyn nan, kote li te dirije pwogram nakotik ak lavaj lajan nan Biwo a. Kote sa a, li te elabore yon estrateji nasyonal pou akize lidè katèl kokayin ki pi pwisan nan Meksik yo, ki gen pami yo patwon dwòg Joaquin "El Chapo" Guzman, epi dirije ankèt entènasyonal ki te abouti a kondanasyon plis pase 30 lidè katèl "Norte Valle" Kolonbi pou akizasyon asasina, ki ap jere yon antrepriz kriminel ki ap kontinye, lavaj lajan ak trafik dwòg. Akoz travay li nan dosye sa a, li te resevwa Prim Pwokirè Jeneral pou Sèvis Distenge, ak prim "True American Hero" Fondasyon Ajans Dwòg Federal la (Federal Drug Agents Foundation). Madam Pokorny te vin evantyèlman Konseye Litij Siperyè Biwo a pou Entegrite Piblik.

An 2011, Madam Pokorny te rejwenn Ekip Egzekitif Pwokirè Ameriken an Loretta Lynch antan ke Chèf Adjwen Divizyon Kriminel lan ki ap sipèvizè plis pase 100 AUSA kriminel yo nan tout zòn yo, ki gen ladan fwod ak koripsyon. An 2015 lè Prezidan Obama te apiye sou Loretta Lynch pou vin Pwokirè Jeneral li nan Depatman Jistis Ameriken an, Madam Pokorny te travay kòm Chèf Kabinè Adjwen ak Konseye ak yon konseye siperyè sou jesyon 110,000 anplwaye ak divès ajans Depatman, soti nan ATF ak DEA, pou rive nan FBI ak Biwo pou Prizon yo (Bureau of Prisons).

Carolyn Pokorny te travay pi resamman kòm Konseye Espesyal pou Entegrite Piblik ki nan Chanm Egzekitif lan ak Konseye Espesyal an Chèf pou Etik, Risk ak Konfòmite pou Eta New York.

Biwo Enspektè Jeneral MTA endepandan an ap sipèvize aktivite MTA yo nan objektif pou asie yon sistèm transpò piblik ki sekirize, ki fyab, ki pwòp epi ki a pri abòdab nan Vil New York. Enspektè Jeneral la te fè odit pou ede fè sistèm ak operasyon MTA yo travay nan efikasite ak efisyans optimal, epi tou mennen ankèt pou derasinen fwod, abi ansanm ak lòt move zak ki te komèt pa sila yo ki ap travay pou oswa ap fè biznis ak MTA. Atravè ankèt li yo, odit ak lòt etid yo, Enspektè Jeneral la ap ede MTA a amelyore pèfòmans li epi ranfòse kalite, efikasite, efisyans ak sekirite operasyon ajans li yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)